Ku jàpp te rafetal njàpp ma, ay ñaawtéefam day génn ci aw yaramam bay génn ci ay weyam

Jële na ñu ci Usmaan Ibn Affaan -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «Ku jàpp te rafetal njàpp ma, ay ñaawtéefam day génn ci aw yaramam bay génn ci ay weyam».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ku jàpp sàmmoonte ak Sunnay Njàpp ak i tegginam, loolu sabab la ci far ay ñaawtéef ak sippi ay ñuumte, "ba ay bàkkaaram di génne ci ay suufi weyi loxoom ak i tànkam"

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/6263